

Nimewo 26

## DEKRÈ EGZEKITIF

### **RÈGLEMAN POU AKSÈ NAN LANG TOUPATOU NAN ETA A**

**ALÒSKE**, de milyon edi Nouyòkè pa maton ase nan lang Angle, sa ki vle di yo pa pale Angle kòm lang natifnatal yo, epitou yo pa maton ase pou li, pale, ekri oswa konprann Angle, sa ki lakòz yo gen anpèchman pou jwenn pwogram ak sèvis enpòtan gouvènman an; epi

**ALÒSKE**, sekirite piblik, sante piblik, pwogrè ekonomik, ak byennèt jeneral tout sitwayen New York yo ogmante lè nou bay plis aksè nan lang pou yo ka jwenn sèvis ak pwogram Eta a; epi

**ALÒSKE**, Eta a pran angajman pou asire yo ofri sèvis pou bay aksè nan lang nan yon manyè ki efikas ak rantab;

**KOUNYE A, KIDONK**, Mwen, **ANDREW M. CUOMO**, Gouvènè Eta New York, akòz otorite Konstitisyon an ak Lwa Eta New York ban mwen, òdone sa ki endike anba la a :

1. Ajans egzekitif Eta a ki ofri sèvis piblik dirèk yo dwe tradui dokiman enpòtan yo, ansanm avèk dokiman piblik enpòtan tankou fòm ak enstriksyon yo bay benefisyè yo oswa patisipan yo, oswa sa yo ranpli yo. Tradiksyon an dwe fèt nan sis lang ki pi komen yo, ki pa lang Angle, epi ki se lang natifnatal moun ki pa maton ase nan lang Angle nan Eta New York, selon done resansman Etazini, epitou ki enpòtan pou sèvis yo chak ajans sa yo ofri. Tradiksyon an dwe fèt sou baz wotasyon ki dwe fini anvan 365 jou ki vini apre siyati Dekrè sa a.
2. Chak ajans yo dwe bay sèvis entèpretasyon ant ajans lan ak yon moun nan lang natifnatal moun nan anrapò avèk dispozisyon sèvis yo oswa avantaj yo.
3. Chak ajans dwe pibliye yon plan aksè nan lang k ap montre kijan ajans lan ap konfòme li avèk Dekrè sa a, ak tout pwogrè ki fèt yo depi lè ajans lan te soumèt yon plan aksè nan lang. Ajans lan dwe pibliye plan an nan 90 jou ki vini apre siyati Dekrè sa a, epitou li dwe fè mizajou nan plan an chak dezan ki vini apre.
4. Chak plan pou aksè nan lang dwe endike, omwen, sa ki anba la a:
  - a. Kilè ak avèk ki mwayen ajans lan ap ofri oswa deja ofri sèvis asistans nan lang lan;
  - b. Tit tout dokiman disponib ki tradui, ak nan ki lang yo tradui dokiman yo;
  - c. Kantite pozisyon pou pran kontak avèk piblik la ki nan ajans lan, ak kantite anplwaye ki pale de lang ki nan pozisyon pou pran kontak avèk piblik la, tankou lang yo pale yo;
  - d. Yon plan fòmasyon pou anplwaye ajans lan. Plan an dwe gen ladan, omwen, fòmasyon chak ane sou règleman ajans lan pou aksè nan lang, ak fason pou ofri sèvis asistans nan lang;
  - e. Yon plan pou kontwòl entèn chak ane sou fason ajans lan konfòme li avèk Dekrè sa a;
  - f. Yon plan sou fason ajans lan deziyen pou fè popilasyon an konnen sèvis li ofri pou asistans nan lang; epi

- g. Yon kowòdonatè aksè nan lang nan ajans lan, yo dwe idantifye piblikman.
5. Kowòdonatè aksè nan lang pou chak ajans dwe kontwòle kijan ajans lan konfòme li avèk Dekrè sa a. Pou fè sa, kowòdonatè a ap rasanble done chak ane sou fason ajans lan ofri sèvis asistans nan lang lan, disponiblite dokiman ki tradui yo, si anons yo afiche kòrèkteman, ak nenpòt lòt mezi enpòtan.
  6. Sekretè Adjwen pou Dwa Sivil yo dwe sipèvize, kowòdone, ak bay konsèy pou ajans yo nan egzekisyon Dekrè sa a, epitou li dwe asire fason ajans lan bay sèvis yo satisfè prensip akseptab tradiksyon an oswa entèpretasyon an.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany, sizyèm jou mwa oktòb ane de  
mil onz.

GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a